

# BYENVENI



# Diskou Ouvèti yo



**Deacon Pete Pronko**  
Director of Mission Effectiveness



**Amanda Livermore**  
President & CEO



**Johana Santiago-Puckering**  
Principal



# Transpò

---

**Prezante pa: Natacha George**  
**Pou: Erick Medina, Direktè Sekirite Lekòl la**



## Pwosedì Depoze ak Chèche Elèv yo

- Elèv la dwe rive nan estasyon an omwen **5 minit davans**. Otobis la ap pati nan lè ki pwograme a epi li pap tann moun ki rive an reta.
- **Paran oswa responsab legal** yo gen responsab pou asire elèv la depoze epi chechè nan estasyon ki deziyen an.
- Paran yo **dwe rete avek pitit yo** jiskaske yo monte nan bis la en sekirite chak maten.
- Si elèv la depoze nan yon sant Boys & Girls Club oswa nan YMCA, li pa nesèsè pou yo vin chèche li egzaktman lè yo depoze l la. Sepandan, **si elèv la ap rete apre lè**, li dwe **enskri nan pwogram swen apre lekòl sant la** (After school) epi yo dwe vin chèche li anvan lè yo fèmen.

## Atant sou Konpòtman

- Konpòtman ki an sekirite ak respè ede pwoteje sekirite ak byennèt tout moun.
- Konpòtman ki deranje oswa ki pa nan sekirite **ka mennen nan mezi disiplinè**, Tankou sispansyon privilèj transpò yo.
- Pwòpte se yon priyorite nan otobis nou yo; **elèv yo pa dwe kite okenn fatra dèyè yo**.
- **Cristo Rey pa responsab** pou objè pèsònèl ki rete nan bis la.



## Règleman Kominikasyon

- Elèv yo responsab pou konnen plan transpò yo chak jou, **nepòt chanjman ki fèt nan transpò yon elèv pou yon jou dwe kominike dirèkteman ak elèv la**, pa ak Direktè Transpò a oswa Cristo Rey.
- S gen yon **chanjman pèmanan nan transpò** yon elèv, tanpri **fè lekòl la konnen** pa telefòn oswa pa imèl nan: [transportation@cristoreyorlando.org](mailto:transportation@cristoreyorlando.org)
- Cristo Rey itilize aplikasyon **Band pou enfòmè** fanmi yo sou reta oswa chanjman ki ka fèt nan transpò pandan jounen an. Ou pral bezwen telechaje aplikasyon an epi rantre nan gwoup ki koresponn ak ou lè li disponib pou ane eskolè **2027-2028** la nan mwa Jiyè.

## Move Tan ak Reta

- Nan Ka Move tan grav oswa reta, **paran yo ap resevwa enfòmasyon atravè aplikasyon Band** la.
- Paran yo responsab pou swiv **anons lekòl la pou jwen mizajou** ak chanjman yo.



# Transpo pou Jou Travay

## Transpò ak Atant nan Travay

*Kolabore pou Siksè elèv yo, Sekirite, ak Pwofesyonalis.*

### Prezans ak Kominikasyon Absans ak Reta Elèv yo

- Paran oswa gadyen yo dwe fè Biwo Administrasyon an konnen nenpòt absans oswa reta elèv la.
- Kominikasyon alè enpòtan anpil pou planifikasyon transpò.
- Twòp reta ka lakòz elèv la rate transpò ki te pwograme pou ale nan sit travay li.
- Elèv yo dwe rive alè, epi yo dwe pare pou jounen travay yo.

## Règleman Vizit nan espas travay la

### Règleman Vizit nan espas travay la

**Pou rezon pwoteksyon, sekirite ak responsablite legal:**

- Paran oswa gadyen yo pa gen dwa vizite, depoze, oswa vin chèche elèv yo dirèkteman nan kote travay la.
- Tout aranjman transpò dwe fèt atravè lekòl la.
- Sèl eksepsyon an se pandan jou travay ranplasman ki aprouve, lè lekòl la fèmen epi lòt aranjman yo te deja valide



## Pwosedì pou Ranmase Elèv an Ka Ijans

Si yon Elèv Bezwen Kite Travay la Bonè

### *Nan ka ijans:*

- Paran oswa gadyen an kontakte Biwo Administrasyon an.
- Biwo Administrasyon an enfòm ekip CWSP la.
- Ekip CWSP la kowòdone ak Depatman Transpò a ansanm ak anplwayè a.
- Aranjman ki apwopriye ap fèt pou elèv la.

**!** Tanpri pa kontakte kote travay la dirèkteman pou nenpòt bezwen transpò.

## Règleman pou Vizit nan Sit Travay la

Si gen yon ijans sou sit travay la  
Elèv yo dwe:

- Enfòm sipèvizè yo imedyatman.
- Swiv tout pwosedì ijans espas travay la.
- Tann enstriksyon nan men sipèvizè yo ak ekip CWSP la.

Patwon an ap:

- Kontakte ekip CWSP la.
- Kowòdone ak lekòl la pou transpò oswa lòt sipò si sa nesèsè.



## Atant pou Transpò

### Règ sou Konpòtman nan Bis, Navèt, ak Kamyonèt

Elèv yo dwe :

- Swiv tout règ transpò lekòl la.
- Trete chofè yo, anplwaye yo ak lòt elèv yo avèk respè.
- Rete chita pandan machin nan ap deplase.
- Itilize yon langaj ak yon konpòtman ki apwopriye.
- Swiv tout enstriksyon chofè a san pèdi tan.
- Ede kenbe yon anviwònman ki an sekirite ak pozitif pou tout moun.

## Sekirite se Responsablite Tout Moun

### Angajman Nou Tout Ansanm

Elèv yo, fanmi yo, chofè yo, manm pèsònèl la ak patnè travay yo tout gen yon wòl pou yo jwe pou asire:

- Transpò ki an Sekirite
- Konpòtman Pwofesyonèl nan Espas Travay
- Kominikasyon Efikas
- Siksè Elèv yo

**Mèsi pou sipò ou nan ede nou bay yon eksperyans Corporate Work Study ki an sekirite e ki reyisi.**




# PowerSchool

---

**Prezante pa: Emma Millord**  
**Pou: Gaby Yunen, Responsab Rejis Akademik**






Louvri navigatè entènèt ou epi ale  
sou Pòtal Paran PowerSchool lekòl  
ou a.

[cristoreyorlando.powerschool.com](http://cristoreyorlando.powerschool.com)



## Enstriksyon pou Swiv

1. Louvri navigatè entènèt la sou òdinatè ouwa aparèy ou.
2. Pou konekte kòm paran, ou dwe kreye yon kont.(Create Account).




The screenshot shows the PowerSchool SIS login interface. At the top, the logo and 'PowerSchool SIS' are displayed. Below this is the 'Parent Sign In' section. It features two buttons: 'Sign In' and 'Create Account'. The 'Create Account' button is highlighted with a red circle and a red arrow pointing to it. Below the buttons are input fields for 'Username' and 'Password'. A link for 'Forgot Username or Password?' is located below the password field. A 'Sign In' button is positioned to the right of the password field. Below the parent sign-in section is the 'Student Sign In' section, which contains a message: 'Students - Click the button to sign in. You will be redirected to the Student sign in page.' and a 'Student Sign In' button.



## Instructions Continued...

- Y ap mande w antre prenon ou (First name) siyati ou (Last name) adrès imèl ou (Email address) modpas ou (Password) ak non itilizatè (username) ou vle itilize a.

 PowerSchool SIS

### Create Parent Account

**Parent Account Details**

First Name

Last Name

Email

Re-enter Email

Desired Username

Password

Re-enter Password

Password must:

- Be at least 8 characters long
- Contain at least one uppercase and one lowercase letter
- Contain at least one letter and one number
- Contain at least one special character
- Not be a well known password



## Konekte Elèv yo ak Kont la

- Sèvi ak **Access ID** and **Access Password** (Modpas) ki parèt nan lèt ou te resevwa a pou lye kont ou ak elèv ou a.

Si ou gen **plis pase** yon elèv nan Cristo Rey Orlando High School, ou dwe antre Access ID ak Access Password (modpas) pou chak elèv apa pou konekte tout kont yo kòrèkteman.

- Klike **Enter**.
- Apre ou fin voye enfòmasyon yo, w ap resevwa yon imèl konfimasyon ki pral mennen ou sou paj koneksyon PowerSchool la. (**Enpòtan: Ou dwe klike sou lyen ki nan imèl konfimasyon an pou aktive aksè ou.**)

### Link Students to Account

Enter the Access ID and Access Password for each student you wish to add to your Parent Account

1

Student Name

Access ID

Access Password

2

Student Name

Access ID

Access Password

3

Student Name

Access ID

Access Password



# PowerSchool Mobile

PowerSchool Group LLC

2.3★  
40.6K reviews



10M+  
Downloads

Install


Share

Add to wishlist

You don't have any devices



App support



Apren ou fin kreye kont ou, ou ka telechaje aplikasyon PowerSchool la. Lè yo mande w sa, antre kòd distri a:

**DRWR.**

Ou kapab jwenn lekòl la tou lè w chwazi opsyon “Find Your School by District” epi chèche **Cristo Rey Orlando High School.**




## Enskri pou Patisipe nan Mesaj Tèks (SMS)

Lekòl nou an itilize sistèm **SchoolMessenger** pou voye mesaj tèks dirèkteman sou telefòn mobil ou ak enfòmasyon enpòtan, tankou notifikasyon sou nòt elèv yo.

Ou ka enskri fasilamn lè w voye yon mesaj tèks nan nimewo **67587** epi ekri **“Yes”** nan espas mesaj la, epi voye mesajla.

## How To Opt-In



### Option 1: Send a Text Message to 67587

1. **Open** your **Messages** app
2. Type **67587** in the "To:" line
3. Type **"Yes"** in the message area
4. **Send** the Message



## Opsyon 2: Eskane Kod QR la

- Eskane Kòd QR la
- Sa ap mennen w nan yon nouvo mesaj tèks kote destinatè a ap 67587.
- Ekri "Yes" nan espas mesaj la.
- Voye mesaj la.





**Si ou gen nenpòt kesyon oswa  
ou bezwen èd pou kreye kont  
PowerSchool ou, tanpri  
kontakte:**

**[gyunen@crstoreyorlando.org](mailto:gyunen@crstoreyorlando.org)**

# Corporate Work Study Program

---

Prezante pa: Marie Francesca Pierre  
Pou: Ekip CWSP



# Meet the team



**Courtney Hand**

Vis Prezidant Pwogram  
CWSP



**Desiree Mathis**

Direktris Asosye Pwogram  
CWSP



**Llelila Garcia**

Responsab Jesyon Relasyon &  
Konseye Vokasyonèl



**Antonio Small**

Responsab Jesyon  
Relasyon



**Mariel Molina**

Pwofesè Lidèchip



**Ernest LeCounte**

Pwofesè Lidèchip



# KISA CWSP YE ?

Pwogram Etid-Travay Kòporatif (CWSP) se yon antite ki fonksyone apa, ki opere tankou yon **sistèm plasman pwofesyonèl** nan lekòl Cristo Rey yo. Li bay travay pou **chak elèv** yon jou pa semèn nan yon anviwònman pwofesyonèl **pandan tout kat ane lekòl segondè yo.**



# How does it work?



Orè Travay: Wotasyon Elèv yo




1 FTE = 4 Elèv

1 ANE  
Chak plasman dire yon (1) ane  
akademik.

1 JOU  
Soti mwa Out rive mwa Me  
Each student works the same  
day every week



# Partnè Koporatif Nou Yo



# Kisa Elèv Yoo Fè

## Resous Imèn

- Eskane epi òganize dokiman rekritman yo
- Trete dokiman entèvyou ak dokiman pou nouvo anplwaye yo

## Teknoloji Enfòmasyon

- Distribisyon ekipman
- Sipò helpdesk, triyaj, ak enstalasyon nouvo pwogram

## Kontablite + Finans

- Ede nan peman founisè yo ak rapò depans yo
- Antre fakti yo

## Maketing

- Prepare materyèl pou prezantasyon
- Ede nan evènman pou kliyan yo

## Sèvis Biwo

- Jere envantè founiti yo
- Sèvis tradiksyon

## Sèvis Legal

- Jere swivi egzekisyon kontra yo
- Revize dokiman dosye yo epi mete ajou estati dosye ka yo



# Premye Etap yo



Akò CWSP ant Elèv la ak Fanmi an



I-9



W-4



Sesyon Oryantasyon (Semèn Byenveni  
nan Travay la – 24 pou rive 28 Out)



Ede nan ranpli kondisyon pre-anbochaj  
ki espesifik pou chak konpayi, pa egzanp

- Verifikasyon dosye antecedan
- E-Verify (Sistèm verifikasyon otorizasyon pou travay)
- Akò Konfidansyalite
- Vaksinasyon
- Lòt



# Ore Schedule

**7:00 AM - 7:50 AM**

Arive & Rasanbleman: Elèv yo rive lekòl la epi yo fè check-in ak anplwaye lekòl la

**7:50 AM**

Lapriyè maten

**8:00 AM - 8:30 AM**

Lè pou elèv yo al travay: Elèv yo lage pou ale pran navèt (shuttle) yo:

**9:00 AM - 9:30 AM**

Kòmansman jounen travay la: Elèv yo rive nan kote y ap travay yo.

**2:45 PM - 3:30 PM**


Nou al chèche Elèv yo: Nou pran elèv kote y ap travay.

**Nou bay transpò & manje midi pou**



# KIJAN OU KA SIPÒTE ELÈV OU A

- Ankouraje bon abitud pwofesyonèl lakay.
- Asire pitit ou a rive alè epi li byen prepare pou jou travay li yo.
- Tout komunikasyon ki gen rapò ak travay la dwe pase atravè ekip CWSP lekòl la.
- Poze pitit ou a kesyon sou kijan jounen travay li te pase.
- Poze pitit ou a kesyon sou fèy lè (timecard) li ranpli chak semèn.
- Poze pitit ou a kesyon sou sa li ap aprann nan klas Lidèchip la



# Règleman CWSP

- Prezans & jou ranplasman
- Kòd abiman
- Re-fòmasyon & peryòd pwobasyon
- Itilizasyon telefòn nan travay ak pandan lè manje midi



# Prezans & Jou Ranplasman

Nou atann pou chak elèv prezan nan tout jou travay ki pwograme yo.

## Kondisyon pou Jou Ranplasman

- Nenpòt jou travay ki rate dwe **rekipere nan yon lòt dat**.
- Biwo CWSP la responsab pou pwograme jou travay ranplasman yo.
- Gen posiblite pou fè jou ranplasman pandan vakans lekòl, jou pwofesè yo ap travay, oswa lòt dat lekòl la apwouve.

## Konsekans pou Jou Travay yo Rate

Si elèv la pa konplete yon jou travay ranplasman ki obligatwa, y ap ajoute yon frè \$100 pou chak jou travay li rate nan kont elèv la.



## Sipò & Entèvansyon pou Prezans

- Apre twa (3) absans nan yon semès, ekip CWSP la ap kòmanse yon pwosesis **entèvansyon ak sipò**.
- Pwosesis sa a gen ladan l:
  - Yon reyinyon ant elèv la, fanmi an, ak ekip CWSP la
  - Yon plan amelyorasyon ki dokimant objektif yo ak atant ki klè
  - Sipò adisyonèl pou adrese baryè ki anpeche prezans regilye



## Objektif Nou

Kolabore ak fanmi yo pou sipòte elèv yo nan devlope bon abitud pwofesyonèl, sans responsablite, ak bon pratik prezans nan travay.

# Kòd Abiman

- Elèv yo dwe rive ak tout inifòm travay la epi kenbe yon aparans pwofesyonèl.
- Inifòm estanda a gen ladan yon chemiz blan Cristo Rey, kravat, blazer, senti nwa (si sa aplikab), chosèt nwa, ak soulye nwa abiye.
- Gen kèk patnè travay ki ka mande lòt kalite rad; egzijans espesifik yo ap pataje anvan premye jou travay la.
- Vyolasyon kòd rad la ka lakòz elèv la rete sou kanpis la, fè yon jou travay ratrapaj, ak/oswa resevwa mezi disiplinè.



# Re-Fòmasyon & Pwobasyon

- Pou pwoblèm grav oswa ki kontinye nan espas travay la.
- Li gen ladan antrenman, re-fòmasyon, ak/oswa reyinyon ak paran.
- Li ka mande yon akò pwobasyon ki siyen ak atant ak objektif klè.
- Elèv yo dwe montre amelyorasyon pandan peryòd pwobasyon an.
- Si pa gen amelyorasyon, sa ka lakòz nou re-asiyen elèv la, pran mezi disiplinè, oswa retire li nan CWSP.



# Utilization Telefòn nan Travay & Pandan Poz Manje

- Telefòn yo dwe itilize sèlman lè sa apwopriye (pandan lè manje midi) epi yo pa dwe entèfere ak responsablite travay yo.
- Telefòn yo dwe itilize sèlman lè sa apwopriye (pandan lè manje midi) epi yo pa dwe entèfere ak responsablite travay yo.
- Move itilizasyon telefòn, teknoloji, oswa aksè entènèt ka lakòz:
  - Re-fòmasyon
  - Mezi disiplinè
  - Pèdi dwa pou itilize teknoloji
- Elèv yo ka pote manje pa yo oswa resevwa yon manje ki soti CRO.
- Patnè Travay yo pa responsab bay manje midi.



# Enstiti Ete – Crown Scholars

Orè

Lendi, 13 Jiyè – Jedi 16th

Lendi, 20 Jiyè – Jedi 23rd

7:45 AM – 2:00 PM

Sijè Yo

- Depatman Travay
- Sante & Byennèt
- CWSP
- Sante Mental
- Pran Nòt
- Fòmasyon lafwa
- Teknik Etid
- Aprantisaj Digital
- Tabli objektif pou kolèg & karyè

CRISTO REY  
ORLANDO HIGH SCHOOL  
CORPORATE WORK STUDY PROGRAM

## BLAZER CEREMONY

CELEBRATING THE CLASS OF 2029

*A symbol of professionalism, achievement, and readiness.*

FRIDAY  
JULY 24, 2026  
10:00 AM

MASS • CEREMONY • REFRESHMENTS

ST. JOHN VIANNEY CATHOLIC CHURCH  
6200 S ORANGE BLOSSOM TRL  
ORLANDO, FL 32809

FAITH. EXCELLENCE. PURPOSE

*"Let your light shine before others." - Matthew 5:16*

Sponsored by | REGIONS



RSVP



# Plasman Nan Travay

Fèt pa Ekip CWSP la apre Enterè Ete Crown Scholars

Detèmine pa:

- ✓ Enterè elèv yo
- ✓ Kompetans ak fòs elèv la
- ✓ Konpatibilite ak deskripsyon travay konpayi yo

SEMÈN AKÈY NAN TRAVAY

Tout opòtinite se yon chans pou devlopman!



CRISTO REY ORLANDO HIGH SCHOOL  
CORPORATE WORK STUDY PROGRAM

Invites you to

## DRAFT DAY 2026

**Dream Big. Work Hard. Rise Up!**

Join us as we celebrate our students and Corporate Partners on Draft Day, when our students discover where they have been "drafted" for the 2026 school year and begin the next chapter of their professional journeys.

**Event Details**

**Date:** Friday, August 14, 2026

**Time:** 9:00am-12:00pm

**Location:** Dr. Phillips Center for the Performing Arts  
**Steinmetz Hall**

445 S Magnolia Ave Orlando, FL 32801

Kindly click on this [link](#) to RSVP no later than **July 10**.

RSVP

Event contact: [cwsp@cristoreyorlando.org](mailto:cwsp@cristoreyorlando.org)



RSVP



# Mèsi!



Kesyon?



# Pwogram Akademik Preparatwa pou Kolèj

---

Prezante pa: Pierre Armand  
Pou: Direktris Lekòl la Santiago-Puckering & Ekip Siksè



# KI MOUN NOU YE

## MISYON

Cristo Rey Orlando High School se yon kominote aprantisaj katolik ki edike jèn ki soti nan fanmi ki gen mwayen ekonomik limite pou yo vin gason ak fanm ki gen lafwa, ki viv ak yon sans misyon, ak sèvis.

Atravè yon pwogram akademik solid ki prepare yo pou kolèj, ansanm ak yon eksperyans travay ki enpòtan ak fòmatif, elèv yo gradye pare pou reyisi ni nan kolèj ni nan lavi.

## VIZYON

Vizyon nou chita sou lafwa, lanmou, optimis, ak espwa. Nou angaje nou pou kreye yon anviwònman kote chak elèv kapab grandi epi devlope tout potansyèl li.

### Refleksyon espirityèl chak jou

Yon refleksyon sou lafwa pandan 5 minit chak jou nan kòmansman 5yèm peryòd la — pou devlope rekonesans, konsyans, ak kwasans espirityèl.



# SEKSYON 1: AKADEMIK

*Atant pou GPA, teknik pou pran nòt, sèvis sipò ki disponib, ak plis ankò.*



# OBJEKTIF AKADEMIK POU ANE FONDASYON AN

## Pousantaj Elèv ki Echwe Kou yo

0%

Okenn elèv pa ta dwe echwe yon kou.

## Yon GPA 3.0 oswa plis

78%

Nan elèv yo, sa yo ki rive atenn objektif sa a.

## Nivo Konpetans NWEA

60%

Nou atenn yon nivo konpetans 60% nan Lang Anglè (ELA) ak Matematik.

## Patisipasyon nan Kou AP yo

100%

Tout elèv yo gen aksè ak kou AP yo.



# ATANT pou GPA & REASSESSMENT POLICY

## OBJEKTIF GPA

# 3.0

Objektif nou se pou 80% elèv yo kenbe yon GPA 3.0 oswa pi wo. Gen sipò akademik ki disponib pou ede chak elèv reyisi epi rive nan nivo sa a.

## RÈGLEMAN SOU RE-EVALYASYON

1. Re-evalyasyon obligatwa. Si yon elèv pa rive jwenn nòt minimòm lan nan nenpòt evalyasyon, li dwe refè evalyasyon an – Refize oswa chwazi pa refè li pa akseptab.
2. Tout devwa ki manke oswa ki pa fini dwe korije epi remèt ankò. Yon nòt ki manke pa konsidere kòm yon nòt final. Elèv yo dwe fè epi remèt tout travay yo pou yo kapab resevwa yon nòt.
3. Règleman sa a aplike pou tout gwo evalyasyon yo: egzamen, tèst kout (quiz), pwojè, ak devwa nan tout matyè yo. Li pa aplike pou egzamen mitan ane (midterms) ak egzamen final yo.
4. Nou kwè chak elèv kapab fè pwogrè – epi nou atann nou pou yo fè efò ki nesèsè pou reyisi.



# NÒT ki FOKIS & SISTÈM PRAN NÒT AKADEMIK

## Kisa Nòt Konsantre yo ye?

Pran enfòmasyon ki soti nan leson yo, lekti yo, ak diskisyon yo pou amelyore aprantisaj ak kapasite pou sonje sa yo aprann nan tout matyè yo.

## Poukisa Yo Enpòtan

Yo ede w òganize ak rezime enfòmasyon yo, amelyore konsantrasyon w pandan leson yo, epi kreye yon zouti etid pèsònèl ki itil pou revizyon.

## Aprantisaj Aktif

Nòt konsantre yo devlope kapasite pou reflechi avèk lespri kritik epi ankouraje patisipasyon aktif, sa ki ede w konprann epi sonje konsèp yo pi byen.

## Li Enpòtant

Nòt konsantre yo fè pati nòt akademik ou. Pran nòt regilyèman ak bon kalite se yon atant akademik nan Cristo Rey Orlando High School (CROHS).

**SISTÈM POU PRAN NÒT:** Yon klasè (binder) oswa yon kaye espiral estanda ede w rete byen òganize nan tout matyè yo epi sipòte pwogram nòt konsantre a.



# PWEN SANTRAL CROWN SCHOLAR (HUB): ENTÈVANSYON & ANRICHISMAN

## Crown Scholar Hub

40 minitpa jou

Entegre nan orè lekòl la pou tout elèv yo. Li konsantre sou sipò akademik ak entèvansyon pou ranfòse konpreyansyon elèv yo epi amelyore pèfòmans yo.

## Anrichisman Crown Scholar

25 minit pa jou

Li fèt pou bay elèv yo plis defi akademik pase sa nivo klas yo mande, pandan li ede yo devlope konesans yo pi plis gras ak sipò akademik (tutoring) ak aktivite anrichisman.

## Sipò Antrenè Matematik

2-3x fwa pa semèn

Yon pwofesyonèl ki espesyalize nan matematik ap ofri akonpayman endividyèl pou ede elèv yo bati yon bon baz nan matematik epi genyen plis konfyans nan kapasite yo.



# SIPÒ AKADEMIK: TWA NIVO

## NIVO 1 – TOUT ELÈV YO GEN AKSÈ

Aprantisaj fèt pandan tout dire klas la – chak minit gen enpòtans li • Objektif aprantisaj yo pataje ak elèv yo chak jou • Leson ki ankouraje anpil patisipasyon epi ki aliye ak estanda akademik yo • Itilizasyon estrateji AVID (WICOR) • Aprantisaj kolaboratif ki baze sou kestonman, rechèch ak dekouèt.

## NIVO 2 – PLIS TAN & SIPÒ ADISYONÈL

Reansèyman an ti gwoup • Crown Scholar Hub • Opòtinite pou Anrichisman • Tach ak sipò progresif ak òganizatè grafik • Reansèyman ki baze sou konpetans pandan sesyon Crown Scholar yo.

## NIVO 3 – SIPÒ ENTANSIF POU RATRAPAJ AKADEMIK

Leson patikilye (Tutoring) • Pwofesè ki bay sipò akademik • Sipò entansif ak kourikoulòm modifiye selon Bezwen Elèv la • Chemen aprantisaj ki adapte ak chak elèv



# Pwobasyon akòz Pèfòmans Akademik

Siveyans akademik se yon avi ofisyèl ki fè konnen rezilta akademik yon elèv bezwen atansyon imedya epi mande yon angajman serye pou amelyorasyon.



## Nòt D sou Kanè a

Lè yon elèv resevwa youn oswa plizyè nòt D nan nenpòt kou, sa ap aktive yon siveyans akademik. Nan nivo preparasyon pou kolèj, yon nòt D pa konsidere kòm pase ke nou egzijje pou tout elèv yo.



## Mank Efò Akademik

Lè yon elèv regilyèman pa fè travay li yo, pa patisipe nan klas la, oswa pa pwofite sèvis sipò yo (tankou Crown Scholar Hub ak re-evalyasyon yo), sa ka mennen li sou siveyans akademik.



## GPA 2.5 oswa pi ba

Yon GPA kimilatif ki egal oswa pi ba pase 2.5 mete yon elèv otomatikman sou siveyans akademik. Nou atann nou pou tout elèv yo kenbe yon nivo pèfòmans akademik ki pi wo.

Si yon elèv pa montre amelyorasyon pandan peryòd siveyans an, **li ka sibi yon retrè nan Cristo Rey Orlando.** Objektif nou se toujou sipòte elèv yo pou yo reyisi, men rete enskri nan lekòl la mande pou yo satisfè atant akademik nou yo.



# RETE KONEKTE AK PWOGRÈ OU

July  
17

## Reyinyon Trimestriyèl ant Paran & Konseye a

- ▶ Paran yo rankontre ak konseye lekòl la ak/oswa Dwayen Kourikoulòm nan, swa an pèsòn oswa vityèlman.
- ▶ Konsantrasyon: reyinyon an se sou evalyasyon pwogrè elèv la ak planifikasyon estrateji sipò oswa anrichisman pou ede li reyisi.
- ▶ Reyinyon yo fèt pandan yon semèn antye apre chak rapò pwogrè, anvan kanè ofisyèl yo distribye.
- ▶ Enfòmasyon yo pataje ak pwofesè yo pou sipòte pwogrè kontinyèl elèv la.



## Evalyasyon Kle yo

**PSAT**

Oktòb

**NWEA MAP**

ELA &  
Matematik

**Midterms**

Egzamen  
Semès S1

**Finals**

Egzamen  
Fen ane a

**AP Courses**

100% Aksè



# DEVWA KI VISE SOU OBJEKTIF KLÈ

*Nan Cristo Rey Orlando, chak devwa gen yon objektif. Nou pa kwè nan devwa ki sèlman okipe elèv la.*

## Aprantisaj Fèt Isit la

Tout aprantisaj ak sipò akademik fèt pandan jounen lekòl la. Lè elèv yo kite lekòl la, yo ka repoze epi reprann fòs yo.

## Crown Hub pou Tout Elèv yo

Chak elèv patisipe nan Crown Scholar Hub (Entèkansyon) ak Anrichisman (leson patikilye/klib) kòm yon pati nan orè jounen lekòl yo.

## Nòt konsantre chak jou

Elèv yo pran nòt konsantre ki efikas nan chak kou pou yo pi byen konprann — sa se abitud akademik prensipal nou bati ansanm lan.

## Travay ki Gen Sans

Lè yo bay devwa, yo fèt avèk yon objektif klè epi yo lye ak objektif aprantisaj yo. Nou toujou bay priyorite sou kalite olye de kantite,



# SEKSYON 2: SÈVIS POU ELÈV YO

*Prezans, disiplin, règleman sou telefòn selilè, ak lòt enfòmasyon enpòtan.*



# PREZANS

## Objektif Prezans pou Chak Trimès

95%

Prezan chak trimès

## Objektif pou Rive Alè

95%

Objektif pou To Reta

### KISA ABSANS SAN OTORIZASYON YE (TRUANCY)?

Dapre FLDOE: Yon elèv konsidere kòm **truant** lè li gen 5 oswa plis absans san otorizasyon nan yon mwa kalandriye, oswa 10 oswa plis absans san otorizasyon nan yon peryòd 90 jou. Senpman: **Absans san otorizasyon yo ka akimile rapidman, epi sa ka mete enskripsyon pitit ou an an danje.**

**Enpòtan:** Nou ka retire yon elèv nan **Cristo Rey Orlando High School** akòz twòp absans san otorizasyon. **Pou 3 oswa plis absans youn apre lòt, ou dwe ranpli yon fòm “Pre-Arranged Absence Form” davans epi Direktris Lekòl la dwe siyen li anvan absans yo fèt.**



# DISIPLIN AK KONPÒTMAN

## Modèl Disiplin ak Ranfòsman Pozitif

Disiplin nan CROHS konsantre sou restorasyon, re-oryantasyon, ak bati bon relasyon atravè pwogram Well-Managed Schools la. Apwòch sa a ann amoni ak valè fondamantal nou yo ansanm ak objektif nou genyen pou devlopman elèv yo.

### Objektif Sanksyon

< 5%

Pousantaj elèv ki resevwa sanksyon chak trimès

### DETAY SOU RÈGLEMAN DISIPLIN LAN

**Apwòch nou an:** Restorasyon, reoryantasyon, ak relasyon. Konsekans yo ka gen ladan konferans ak pwofesè a, reyinyon ak Dwayen Kilti a, referans pou sèvis konsèy, reyinyon ak paran yo, sipò nan lekòl la, sispansyon, oswa revokasyon nan lekòl la.

**Pwosedi pou Reta yo:** 4yèm Reta = Reyinyon ak Dwayen an • 6yèm = Referans bay konseye a • 8yèm = Lèt Avètisman • 10 yèm = konta pwezans + paran/Reyinyon ak Direktè.

**Tolerans Zero:** Vyolans, zam, dwòg, alkòl, Itilizasyon sigarèt elektwonik (vape), epi entimidasyon pa janm akseptab epi yo ka lakòz revokasyon imedya nan lekòl la.



# RÈGLEMEN SOU TELEFÒN SELILÈ.

## RÈGLEMEN SOU TELEFÒN SELILÈ AK APARÈY ENTELIJAN

### Ranje depi kòmansman jounen an

Lè elèv yo rive lekòl, you dwe depoze telefòn yo nan sal klas prensipal yp (homeroom). Telefòn yo rete la pandan tout jounen an epi yo reprann yo lè lekòl lage. Nenpòt domaje oswa manipile materyèl yo ap lakòz yon frè \$50.

### Si Paran yo Bezwen Kontakte yon Elèv

Rele biwo prensipal la nan 689-337-6300. Pa atann pitit ou a reponn apèl oswa mesaj tèks pandan jounen lekòl la.

### Pa Gen Itilizasyon Pandan Lè Lekòl yo

Telefòn ak aparèy entelijan yo — tankou mont entelijan, iPad, ak aparèy pou koute mizik — dwe etenn epi pas dwe vizib depi lè elèv la rive lekòl la jouk lè lekòl lage. Pa gen okenn eksepsyon, menm pandan lè manje midi.

### Règ pou Jounen Travay la

Elèv yo ka gen telefòn yo avèk yo pandan jou travay CWSP ki deziyen an, sof si anplwayè yo oswa depatman CWS la bay lòt direktiv.



# SÈVIS ADISYONÈL POU ELÈV YO

## Sekirite Lekòl la

Elèv yo dwe rapòte nenpòt enkyetid bay Dean of Culture la oswa Direktris lekòl la. Nou ka itilize detektè metal pòtatif (wand). Tout vizitè dwe prezante yon pyès idantite nan biwo resepsyon an. Nou fè egzèsis ijans (dife, tònad, fèmèn lekòl) regilyèman.

## Kilti & Kominote Lekòl la

CRO ap bati yon kilti lekòl ki chita sou valè Katolik yo, fyète pwofesyonèl, ak lespri kominotè. Klib yo, retrèt espirityèl yo, èd sèvis kominotè yo, ak aktivite lekòl la fè pati eksperyans fòmasyon konplè chak elèv.

## Sèvis Konsèy

Ekip konseye lekòl yo sipòte elèv yo nan domèn akademik, sosyal-emosyonèl, planifikasyon kolèj, epi nan koneksyon ak resous kominotè yo.

## Kòmantè ak Sijesyon

Nou fè plizyè sondaj pandan ane lekòl la pou ranmase opinyon ak kòmantè elèv yo ansanm ak fanmi yo pou amelyore sistèm global lekòl la, pwosesis yo, pwosedi yo, ak kilti lekòl la.



# ZOUTI NOU YO: POWERSCHOOL & CANVAS

Two platforms keep students and families connected to learning and progress. Both are required. Both matter.



## PowerSchool (Pòtal Enfòmasyon Elèv ak Paran yo)

*Sistèm Enfòmasyon sou Elèv yo.*

- ▶ Nòt ak prezans elèv yo an tan reyèl
- ▶ Rapò pwogrè ak kanè nòt
- ▶ Dosye reta ak absans
- ▶ Kontak: na ka ijans ak pou dosye inskripsyon
- ▶ Aksè pou paran ak elèv nan Pòtal la



## Canvas

*Sistèm Jesyon Aprantisaj Elèv yo*

- ▶ Devwa chak Jou ak dat limit yo
- ▶ Pwogram kou yo ak materyèl aprantisaj yo
- ▶ Kòmantè pwofesè yo ak gid evalyasyon yo (Rubrics)
- ▶ Tès, egzamen kout (quiz), ak pwojè k ap vini yo
- ▶ Travay elèv yo soumèt ak nòt yo



# SEKSYON 3: PARAN KÒM KOLABORATÈ

*Kolaborasyon ou ak nou kòm paran pa yon opsyon — li esansyèl*



# RESPONSABILITE PARAN YO

Lè yo enskri nan CRO, fanmi yo pran angajman pou yo patisipe aktivman nan patenarya ant fanmi ak lekòl la. Siksè elèv la se yon responsablite nou tout pataje ansanm.



## Tcheke PowerSchool chak semèn

Konekte regilyèman pou revize nòt yo, prezans elèv la, ak rapò pwogrè yo. Si ou remake nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa klè, kontakte pwofesè a nan yon delè 10 jou.



## Swiv Canvas regilyèman

Revize devwa pitit ou a, dat limit k ap vini yo, ak fidbak pwofesè yo. Devwa ki pa fèt oswa ki pa remèt yo ap parèt isit la anvan yo vin tounen yon nòt ki fè elèv la echwe.



## Kominike ak Pwofesè yo

Lè ou gen kestyon oswa enkyetid, kontakte pwofesè yo pa imel. Kòmanse ak pwofesè a anvan ou chèche lòt entèkansyon. Pwofesè yo se premye patnè ou nan edikasyon pitit ou.



## Patisipe nan Reyinyon Chak Trimès

Planifie pou rankontre konseye a oswa Dwayen Kourikoulòm chak trimès apre rapò pwogrè yo. Reyinyon sa yo pa opsyonèl; se fason nou planifye ansanm.



## Sipòte Aprantisaj Lakay

Asire pitit ou gen yon espas trankil pou etidye, li byen repoze, epi li rive lekòl alè. Revize nòt konsantre yo avèk li epi pale avè l sou kijan jounen lekòl li te pase; sa gen plis enpòtans ke sa ou panse.



## Kenbe Enfòmasyon Kontak Ou yo Ajou

Mete ajou nimewo telefòn ou, adrès imel ou, ak kontak ijans yo nan PowerSchool nan kòmansman chak ane. Nap kapab kontakte ou sèlman si enfòmasyon sa yo kòrèk epi ajou.



# KIJAN NOU KOMINIKE AVÈ W

1

## **Kòmansè ak Pwofesè a**

Si pitit ou gen kestyon oswa enkyetid konsènan nòt li, yon konfli ak yon lòt elèv, oswa difikilte akademik— kontakte pwofesè a an premye pa imel. Pifò pwoblèm yo ka rezoud rapidman nan etap sa a.

2

## **Aprè sa, kontakte Dwayen an oswa Konseye a**

Si reyinyon ak pwofesè a pa rezoud kestyon oswa enkyetid la, pran yon randevou ak Dwayen Kilti a oswa konseye lekòl la, selon kalite pwoblèm nan

3

## **Aprè sa, kontakte Administrasyon an**

Si kestyon an oswa pwoblèm nan toujou pa rezoud, kontakte Direktè Adjwen Yvonne Toro ([ytoro@crstoreyorlando.org](mailto:ytoro@crstoreyorlando.org)) oswa Direktris lekòl la, Johana Santiago-Puckering ([jpuckering@crstoreyorlando.org](mailto:jpuckering@crstoreyorlando.org)).

Si ou bezwen kontakte pitit ou pandan jounen lekòl la, rele biwo prensipal la nan 689-337-6300. Pa atann pou li reponn telefòn li, paske telefòn yo estoke epi yo pa aksesib pandan lè lekòl yo.



# SE ANSANM NOU PRAL RIVE FÈ SA

*Paske kòm patnè k ap travay ansanm,  
N ap atenn Objektif Nou Yo.  
Kesyon? Tanpri pa ezite poze yo!*



# Efikasite Misyon an & Idantite Katolik la

---

**Prezante pa: Pierre Armand**  
**Pou: Deacon Pete, Direktè Efikasite Misyon an**

*"Bondye gen yon rèv ekstraòdinè pou chak grenn nan nou.  
Nan Cristo Rey, nou mache bò kote ou pandan n ap ede ou dekouvri rèv sa a."*



# Kisa Idantite Katolik la Ye?

*Li pa sèlman senbòl oswa seremoni.*



Fòm Moun nan Antyèman — Lespri, Kè, Nanm ak Kò



Chak Règleman, Pwogram ak Relasyon Fòm dapre Levanjil la



Yon Kominote ki Ede Jèn yo Vin Moun Bondye Kreye yo Pou Yo Ye



Vizib nan Kourikoulòm Nou, Kilti Nou, Sèvis Nou ak Lavi Chak Jou



# Kongregasyon Relijye Nou

*Sèvitè Kè Pèse Jezi ak Mari (SCTJM)*

*Tè fonde an 1990 pa Manman Adela Galindo, epi li pran rasin li nan espiyalyalite Sen Jan Pòl II.*



**Ekaristik**



**Tradisyon  
Marian an**



**Viv nan Pwisans  
Sentespri a**



**Nan Kè Legliz la**



# Efikasite Misyon an

*Depatman nou an la pou mache ansanm avèk ou.*



## Elèv yo

Rankontre Kris la, grandi nan lafwa, epi dekouvri rèv Bondye.



## Fanmi yo

Soutni, Wè, pi akonpaye nan chak etap.



## Pwofesè ak Anplwaye yo

Fòmasyon, aliyman ak misyon an, ak kwasans esprityèl.

*"Nou la pou ede asire ke misyon nou pataje a rete dinamik, fidèl, epi transfòme."*



# Yon Ritm ki chita sou Lapriyè

*Chak jou. Chak semèn. Pandan tout ane a.*

## CHAK JOU



Lapriyè Maten — site yon don, yon gras, oswa yon benediksyon ou bezwen nan men Bondye.



Chak klas kòmanse avèk yon lapriyè.



5yèm Peryòd: Egzamen Konsyans — pran yon poz, reflechi, epi rekonèt prezans Bondye nan lavi ou.

## CHAK SEMÈN AK PANDAN TOUT ANE A



Adorasyon Ekaristik



Lamès Kominotè



Retrèt espirityèl pandan diferan sezon litijik yo.



# Tout Moun Byenvini Isit La



*Ou pa oblije Katolik pou fè pati kominote Cristo Rey la.*

We Nou akeyi elèv ak fanmi ki soti nan tout tradisyon relijye ak tout orijin lafwa ak kè ouvè.

Teyoloji anseye daprè vizyon ak tradisyon Katolik la — avèk onètete entelektyèl ak respè pou tout lòt tradisyon relijye yo

Idantite Katolik nou an pa kache — se yon kado nou kontan pataje avèk ou

Elèv ki soti nan tout tradisyon lafwa jwenn sans ak objektif isit la — anpil ladan yo rankontre Bondye nan fason yo pa t janm imajine

WNou konsantre sou ede chak elèv dekouvri rèv Bondye genyen pou lavi yo

*Nou rankontre w kote w ye a, epi nou mache ansanm avè w sou chemen ki mennen w pou w vin moun Bondye reve w kapab ye a.*





## *Swen Konplè pou Tout Moun nan*

NourishU se yon ekspresyon idantite Katolik nou an — yon angajman pou pran swen kò, lespri, ak nanm chak moun, toutotan nou rekonèt diyite Bondye mete nan chak moun.



### Mache Fanmi

Aksè diy ak manje fanmi ou bezwen yo, avèk respè.



### Kiltive Manje

Pwogram Jaden ki Konekte Elèv yo ak Kreyasyon ansanm ak Kominote a.



### Byennèt Emosyonèl

Konsèy ak sipò pou sante mantal ak byennèt emosyonèl.



### Byennèt Espirityèl

Lapriyè, Retret, ak Akonpayman nan chemen Lafwa ou.



# NourishU - Nitrisyon ak Byennèt Fizik



*Nou fèt dapre imaj ak resanblans Bondye. Pran swen kò nou se yon zak lafwa.*



## Mache Fanmi

Aksè ak manje ki bon pou sante avèk diyite. Pa gen wont. Pa gen baryè.  
Pwogram nan ouvè pou tout fanmi Cristo Rey yo.



## Kiltive Manje

Patnè lokal nou yo pèmèt nou rive jwenn plis moun atravè pwogram kondisyon fizik, edikasyon sou nitrisyon, ak sèvis sante.



## Patnarya Kominotè

Patnè lokal nou yo ede nou elaji enpak misyon nou an atravè pwogram kondisyon fizik, edikasyon sou nitrisyon, ak sèvis sante.



# Ou Gen Plas Ou Isit La.

---

*"Bondye gen yon bèl rèv ekstraòdinè pou chak grenn nan nou.  
Se yon gwo onè pou nou mache ansanm avèk nou pandan n ap ede nou  
dekouvri rèv sa a."*

**Deacon Pete Pronko**  
Direktè Efikasite Misyon an

**VIVA CRISTO REY!**



# Bousdetid StepUp Pou Elèv

---

Prezante pa: Aguida Julien  
Pou: Brianna Brokaw, Admissions Director




# Apèsi sou Bousdetid Step Up For Students

- Step Up se yon pwogram bousdetid ki ede elèv yo jwenn aksè ak edikasyon prive nan Eta Florid.
  - \$ Atribiye a elèv la epi li bezwen apwobasyon pou lekòl la resevwa li.
- Frè Lekòl Total
  - \$21000 Se vrè pri a pou yon ane lekòl
  - Kouvri pa SUFS, CWSP, ak sipò donatè yo
  - Montan ki rete pou peye a: ant \$20 ak \$400 pa mwa
- Angajman Ou:
  - Renouvle bousdetid la chak ane (anjeneral nan mwa Fevriye)
  - Apwouve tout fakti yo pou tout mwa elèv la ap etidye nan CRO



# Apwouve Chak trimes Fakti Yo

- Konekte sou EMA
- Chèche Aksyon ki Mande Entèvansyon Ou
- Chwazi Apwouve



Portal de Beca

Sandra Zambrano

& Cuotas **NUEVO**

Por favor apruebe o deniegue las siguientes facturas de Matrícula & Cuotas.

AÑO ESCOLAR	NOMBRE DEL ESTUDIANTE	NOMBRE DE LA ESCUELA	FECHA DE SOLICITUD	MONTO DE LA FACTURA	ACEPTAR	DENEGAR
2025-2026	Mariana Tachack Zambrano	CRISTO REY ORLANDO HIGH SCH...	02/09/2026	\$1,869.75	<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

A red arrow points to the 'DENEGAR' button in the table row.



# Renouvèlman Anyèl & Pwosesis Apwobasyon

- Konekte sou EMA
- Renouve pou **all children in your household**
- Aksepte bousdetid la
- Voye bay CRO Award ID (sa se yon nimewo ki gen 7 chif)
- Apwouve “Confirm Enrollement”

My Students [VIEW ALL →](#)

Brianna Brokaw

FES-EO (26-27) Awarded

Award ID: **1234567**

Program Award Amount: \$7,565.00

★ Enrolled in EMA with CRISTO REY ORLANDO HIGH SCHOOL (8/11/26)

FES-EO (25-26) Funded

Award ID: **1234567**

Program Award Amount: \$7,565.00

★ Enrolled in EMA with CRISTO REY ORLANDO HIGH SCHOOL (8/11/25)

[VIEW STUDENT](#)

2025-2026

Cristo Rey Orlando High School

Start Date: 8/11/2025  
Annual Tuition & Fees: \$21,100.00  
Discount: N/A  
Amount Due To School: \$21,100.00

If the Amount Due to School equals your total annual obligation to the school (which includes the scholarship and out-of-pocket payments), please confirm enrollment. Note: If the Amount Due to School is higher than the student's annual award amount, only the total award amount will be paid to the school through EMA.

If the Amount Due to School (including your obligations beyond the scholarship award) is not correct OR if your student will not attend this school, please decline enrollment.



Confirm Enrollment  
 Decline Enrollment

[SUBMIT](#)



# Pwoblem Komen yo

- Ou bliye modpas EMA ou a:
  - Swiv etap yo pou rekipere modpas ou a oswa rele Step Up pou asistans.
- Paj la bloke nan ekran koneksyon an:
  - Efase istwa navigasyon ou ak cookies yo.
  - Eseye itilize yon lòt navigatè entènèt.



# Frè Lekòl

---

**Prezante pa: Aguida Julien**  
**Pou: Emily De Ulloa, Direktris Resous Imèn & Kontablite**



# Peman Frè Lekòl yo

## Kijan pou Fè Peman yo

- Peman elektwonik ak lajan kach se sèl metòd peman ki aksepte.
- Pou peman elektwonik, tanpri itilize sèlman **Pòtal Paran Finalsite la**. Paran yo dwe fè tout tranzaksyon yo pou tèt yo.
- Tout peman an lajan kach dwe nan montan egzak la epi yo dwe remèt yo dirèkteman nan **Biwo Finans lan**.
- Yon frè pwosesis aplike pou peman ki fèt ak kat kredi; pa gen okenn frè pou peman ki fèt ak kat debi.

## Orè Peman & Enfòmasyon pou Kontakte

- Peman yo dwe fèt anvan **15 chak mwa**
- Emily De Ulloa, HR & Accounting Manager
  - [edeulloa@cristorevorlando.org](mailto:edeulloa@cristorevorlando.org)
  - (689) 337-6300 x3014

*Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte li dirèkteman.*

Eskane kòd la pou jwenn sipò ak videyo ki eksplike kijan pou jere peman yo nan Finalsite.



# Mèsi!

